



KIDCARE KONNECTION

Bilten enfòmasyon KidCare Connection

Otòn 2013

NAN PIBLIKASYON SA A

- Anrejistreman
- Sistèm teknoloji modèn
- Retounen lekòl
- Pataje siksè w la
- Sa a se pou timoun yo sèlman
- Annou amize nou ansanm
- Reveye
- Sèvis FHK

DÈNYE NOUVÈL NOU GENYEN:

Depi sis lane, kantite anrejistreman nan Florida KidCare kontinye ap ogmante! Nou trè kontan anonse ke gen 62.500 timoun anplis ki anrejistre nan Florida KidCare konpare ak sa ki te anrejistre ane pase. Sa vin fè nou gen yon total ki depase 2,1 milyon jenn moun nan Florida.

Èske ou ka ede nou transmèt mesaj la, pou fè tout moun konnen Timoun yo fèt pou yo gen asirans? Ou ka ede, menm si ou pale sou pwogram nan ak yon moun ou panse ki ka benefisye de Florida KidCare. Gen anpil chans, si moun sa a apresye pri ki rezonab, aksesibilite, ak tranquilite despri, l ap byen kontan ou pale l de sa.

YON PA ANNAVAN:

Byento, Florida Healthy Kids pral gen yon sistèm teknoloji modèn. **Tanpri, li avi enpòtan sa a pou asire w kouvèti asirans ou an pa afekte!**

Isit la, nan Healthy Kids, sèvis kliyan ak transparans se bagay ki enpòtan anpil pou nou, kidonk, nou vle enfòme w sou yon mizajou nan domèn teknoloji ki pral fèt byento. Tanpri, nou vle pou konnen tranzisyon sa a ka afekte kouvèti asirans ou si w pa peye prim septanm ou an alè (pou mwa oktòb la). **Tanpri, pa bliye renouvle asirans la si asirans ou an ap fini. Pou evite okenn konfizyon nan kouvèti asirans oswa nan sèvis, tanpri, asire w absoliman ke w peye prim ou an avan oswa pa pita pase 7 septanm 2013.**



Kot bòn nouvèl la? Ebyen, si w peye prim asirans ou an alè, n ap rantre w tou nan yon tiraj osò k ap ba w chans pou genyen yon iPad!

ÈSKE GEN MOUN KI SOU PRESYON POUTÈT LEKÒL LOUVRI?

(Wi, n ap pale de timoun yo!) Men kijan ou ka òganize pi byen yon jounen òdinè lekòl avèk yon ti kreyativite e avèk repa ki bon pou lasante: voye timoun yo lekòl avèk yon sandwich ki pa òdinè ditou, konsa lè y ap louvri bwatalennch yo, y ap byen sezi. Lunchbox Awesome chaje ak yon pakèt ezganp pèsonaj ak tèm ou ka fè oumenm byen fasilman, pou ka kreye yon repa midi ki atistik (byen dekore) e ki nourisan! Ale sou sit entènèt la nan www.lunchboxawesome.com pou jwenn plis ide.

TIMOUN FÈT POU GEN ASIRANS!





PATAJE SIKSÈ W LA!

Èske w gen yon istwa Florida KidCare ou ta renmen pataje? N ap twò kontan pibliye l pou ou! Kòm nou konnen ou se yon moun ki okipe anpil, nou fè l byen fasil pou ou. Telechaje (transfere) aplikasyon FLKidCare pou iPhone ak Android epi itilize onglè ki make 'Success Story (Istwa ki gen Siksè)!' Pa bliye voye yon foto bannou, tou. N ap prezante oumenm ak tout fanmi w sou paj sit sosyal nou yo ak nan blòg nou an. Pi bèl istwa yo, se istwa ou rakonte ak tout kè w--e se poutèt fanmi w ki fè nou renmen travay n ap fè a konsa!

SA A SE POU TIMOUN YO SÈLMAN:

Sezon ete a ka fini, sepandan sanble jou lapli yo poko fini! Èske w bezwen kèk bagay pou okipe tan timoun yo annatandan yo kòmanse gen devwa pou fè lakay yo? Eseye itilize Liv Aktivite Florida KidCare (Florida KidCare Activity Book) nou an, pou kreye yon tan ki trankil pou timoun yo—se sa n ap ofri w! Men yon paj ki pou pèmèt ou kòmanse.

Ale nan seksyon ki make 'Marketing Downloads (Telechajman pou Maketing)' ki sou sit entènèt la nan www.healthykids.org pou w sa genyen vèsyon konplè pou telechaje a.





ANNOU AMIZE NOU ANSANM!

Èske w bezwen yon lòt mwayen pou kenbe kontak? Pa bliye ou ka poze nou kesyon tou sou Facebook, Twitter ak nan blòg nou an!

Facebook: FL Healthy Kids

Twitter: @FLHealthyKids

Blòg flhealthykids.wordpress.com



ÈSKE SE POU REVEYE TIMOUN KI GEN DÒMI NAN JE L LA, OSWA FÈ TIMOUN KI GEN DÒMI NAN JE L LA RETOUNEN NAN KABANN NI?

Ala yon bagay ki fatigan, se lè lè a rive pou timoun yo retounen lekòl! Ki kantite somèy pou ti pitit ou a genyen pou l sa repoze l epi rebran fòs li kòm sadwa? Selon [National Sleep Foundation](#), (Fondasyon Nasyonal pou Somèy), timoun ki gen ant ennan ak twazan bezwen 12 a 14 zèdtan somèy; timoun ki gen ant twa ak senkan bezwen apeprè 11 a 13 zèdtan somèy; epi timoun ki gen ant senk ak douzan dwe eseye dòmi pandan 10 a 11 zèdtan.



Èske w bezwen yon ti rezime ankò sou sèvis Florida KidCare kouvri yo? Pa bliye, kèlkeswa sityasyon an, **Timoun yo fèt pou yo gen asirans!**

SÈVIS FLORIDA KIDCARE BAY



Vizit kay Doktè



Konsiltasyon
& Piki



Lopital



Chiriji



Preskripsyon



Ijans



Sèvis pou zye
& tande



Sèvis Dantè



Sante Mantal


Florida KidCare

P.O. Box 980
Tallahassee, Florida 32302-0980

Liy enfòmasyon Florida KidCare:
1-888-540-5437

Sèvis Kliyan Florida KidCare:
1-800-821-5437

www.floridaKidcare.org



KIDCARE KONNECTION

se yon bilten enfòmasyon gratis Florida Healthy Kids
Corp. pwodui chak trimès.

OU KA SWIV NOU SOU SIT SOSYAL YO!

Florida Healthy Kids, yon patnè Florida KidCare,
sou Facebook, Twitter, YouTube, epi li gen yon
blòg! Swiv nou pou konn dènye enfòmasyon sou
lasante ak konsèy sou kouman pou rete ansante:

www.twitter.com/flhealthykids

www.facebook.com/flhealthykids

www.flhealthykids.wordpress.com

www.youtube.com/floridahealthykids

